ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№66 (24.972) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ

Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ

Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ республикэ комиссэм хэтхэм я зэІущІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ наркотикхэр хабзэр къызэпауду зэмыгъэкІуэнымкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ. А лэжьыгъэхэр республикэм хыхьэ районхэм зэрыщагъэзащІэми я гугъу щащІащ.

ГУЛЪЫТЭ хэха зэхуэсым щигъуэтащ республикэм къихъуэ щІэблэр наркотикхэм щыхъумэнымкІэ лэжьыгъэхэр зэрагъэзащІэм, абыкІэ къэрал ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызэдэІэпыкъуну щыкІэхэм. КъищынэмыщІауэ, зэІущІэм щыхэплъэщ Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ къэрал комитетым и ведомствэ зэхуаку гуп хэхам илъэс блэкІам иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэм.

Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэ псоми яхуэгъэза унафэхэмрэ чэнджэщхэмрэ къыщащтащ зэІущІэм.

Ухуэныгъэщ1эм щІагъэтІысхьэж

УФ-м и МВД-м и къудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм папщІэ яухуа администрацэ унэщІэр къызэрыщызэІуахым теухуа зэІущІэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ.

ІЭТАУЭ ирагъэкІуэкІа дауэдапщэм кърихьэлІащ УФ-м и МВД-м и къудамэу КИФЩІ-м щыІэм и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Бачурин Сергей, КъБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру щыІэ Крючков Вячеслав, хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм, дзэм епха зэгухьэныгъэхэм, щІыпІэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

УхуэныгъэщІэр зэманым къигъэув мардэхэм тетщ. Ар нэхъ лъагэ дыдэ щІыпІэм тет ухуэныгъэщ, ди къэралым ит псоми еплъытмэ, техникэ и лъэныкъуэкІэ къызыхуэт щымыІэрэ зэманым декІуу. Метр зэбгъузэнатІэ мини 5-м нэс зыубыд унэм щхьэ зытелъ нэщанэуапІэ хэтщ, метр 50-кІэ зиубгъуауэ, спортзалкІэ, машинэ гъэувыпІэкІэ, хьэ гъэсахэр щаІыгъыну щІыпІэкІэ къызэгъэпэщащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м и аппаратым, хэхауэ Іуащхьэмахуэ районым щылажьэ гупым гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу, ухуэныгъэщІэм фызэрыщІэтІысхьэжам папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

ЦІыхухэм я шынагъуэншагъэр хъумэн къалэныр дяпэкІэ нэхъыфІыжу зэрырахьэкІынум шэч къызэрытримыхьэр къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэм: «Іуащхьэмахуэ лъапэм къэзыунэтІ туристхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ. Дэ хьэщІэу къытхуеблагъэ цІыху минхэмрэ хэкурысхэмрэ я шынагъуэншагъэм япэ зыри идгъэщыркъым».

КІуэкІуэ Казбекрэ Бачурин Сергейрэ зэІущІэм и етІуанэ Іыхьэм Іуащхьэмахуэ районым щыІэ МВД-м и управленэм машинэщІэхэр иратащ.

● Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм

ЛъапІэныгъэ ин

КІуэкІуэ Казбек республикэм и цІыхухэм Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкІэ зэрехъуэхъур

ПщІэ зыхуэсщІ си лъахэгъу лъапІэхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкІэ!

Мы махуэщІым дигу къегъэкІыж цІыхум и гъащІэм хэт лъапІэныгъэ нэхъ иныр - сабийхэр, дрегъэгупсыс абыхэм лъэныкъуэ куэдкІэ заужьынымкІэ Іэмалхэр егъэгъуэтын зэрыхуейм. А Іуэхугъуэхэр гъэзэщІэным хуэгъэпса федеральнэ, щІыналъэ программэхэр щагъэзащІэ ди республикэм.

Дэ дыхущІокъу ди сабийхэр узыншэу къэгъэхъуным, абыхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІ псори нэсу къызыкъуахыу заужьынымкІэ Іэмалхэр етыным, жыжьэ кІуэ я мурад дахэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ зрагъэхъулІэфыным. Абы папщІэ идогъэфІакІуэ, къыдогъэщІэращІэ узыншагъэр хъумэным епха ІэнатІэр, доухуэ иджырей мардэхэм хуэкІуэ гъэсапІэхэмрэ еджапІэхэмрэ, спорт ІуэхущІапІэхэмрэ цІыкІухэр щыджэгу хъуну утыкухэмрэ, зыдогъэубгъу творчествэрэ гъуазджэ я лъэныкъуэкІэ сабийхэм заужьыным хуэщІа Іэмалхэм, бын щапІ унагъуэхэм социальнэу ядэІэпыкъуным.

Гулъытэ хэха яхудощІ дэ Іуэху хэхам хэт зауэлІхэм я бынхэм. Дэтхэнэ сабийми дяпэкІи гурэ псэкІэ дыдэІэпыкъунущ.

Сабийхэм зыІэрагъэхьэфыну ехъулІэныгъэхэмрэ ахэр здынэсыфыну лъагапІэхэмрэ куэдкІэ елъытащ абыхэм я адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, унэтІакІуэхэм. Жэуаплыныгъэр зыхэзыщІэ цІыху акъылыфІэ, ди Хэку иным хуэфэщэн щІэблэ къэгъэхъуным ехьэлІауэ абыхэм зэфІах лэжьыгъэ хьэлэлым папщІэ фІыщІэ ин яхузощІ.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, зэпэщыныгъэ фыщымыщІэну, ди ныбжьыщІэ цІыкІухэм сабиигъуэ насыпыфІэ яІэу псэуну!

ЛІыхъужьхэм гулъытэ хуащІ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Дадэ МуІэед.

ЩІЫНАЛЪЭ къудамэр къызэрызэІуахрэ илъэси 3 ирикъуащ мэкъуауэгъуэм и 1-м. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ а зэманым зэфІагъэкІахэм, ягъэзащІэ къалэнхэм, ди ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэІыгъынымкІэ иригъэкІуэкІ Іуэхухэм адэкІи зэрызрагъэужьыным. Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыхагъэщахэм ящыщщ юридическэ, социальнэ, медицинэ Іуэхухэр ящыгъэпсынщІэныр, санаторэхэм я узыншагъэр щрагъэфІэкІуэжынымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуныр.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІ ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ ветеранхэм я псэупІэхэр я тыншыпІэм хуэщІауэ къызэгъэпэ-щыным. Мы зэманым къриубыдэу псэупІэ пэшу 39-рэ зэрагъэпэщыжащ, а Іуэхум теухуауэ Фондым и аппарат нэхъыщхьэм лъэІу тхылъи 10 хуагъэхьащ. Пэш 41-рэ къапщытэ.

Ветеран 500-м диспансеризацэ ирагъэкІуэкІащ, 600-м я узыншагъэр санаторэхэм щрагъэфІэкІуэжащ. Дэ Іуэху хэхам хэтхэм я быну 500-м «Лэгъупыкъу», «Вагъуэ цІыкІу» санаторэхэм зыщагъэпсэхуащ.

Дэ Іуэху хэхам хэтахэм ящыщу 465-рэ лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщащ, 49-м «Фермерым и еджапІэр» къаухащ, 77-м щІэныгъэ щызрагъэгъуэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ.

Ветеранхэр щІалэгъуалэм я унэтІакІуэ нэхъыщхьэ мэхъу. Ахэр хэту хэкупсэ зэІущІэу 400-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Фондыр жыджэру ядолажьэ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ, ЩэнхабзэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, СпортымкІэ и министерствэхэм, Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэм, щІыналъэ администрацэхэм.

КІуэкІуэ Казбек Фондым и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ я лэжьыгъэм хьэлэлу, жэуаплыныгъэ яхэлъу зэрыпэрытым папщІэ.

«Ди ЛІыхъужьхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкІи дэІыгъыным теухуауэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм адэкІи къыпытщэнущ, къудамэм иригъэкІуэкІ Іуэхухэм зедгъэубгъунущ», - жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм.

Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я гъуэгукІэ

Тхапсаевым и цІэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал академическэ театрым иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хуэгъэпса «Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я гъуэгукІэ» щІыналъэ зэхыхьэр. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентымрэ зэрызэдэлажьэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщІ Тускаев Таймураз, къэрал, политикэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Дзасохов Александр, КъБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу щыІэ Зумакулов Борис, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэм я депутатхэр, щэнхабзэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэ пажэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэ

ЗэІущІэм щІидзэн и пэ къихуэу, хьэщІэхэм зыщаплъыхьащ щІыналъэм и щэнхабзэм ущызыгъэгъуазэ гъэлъэгъуэныгъэм. Абыхэм ящыщу гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ тхыдэ дэфтэрхэм. Абы къызэхуэсахэм Іэмал къаритащ республикитІым я тхыдэм зэгъусэу пхырыплъыжыну. Дауи, гукъинэж ящыхъуащ щІыналъэхэм я цІыху цІэрыІуэхэмрэ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмрэ къэзыгъэлъагъуэ архив тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ.

Удз гъэгъахэр ягъэтІылъ

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я хабзэубзыху ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэм усакІуэ, осетин литературэбзэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Хетагуров Коста и фэеплъу Театр утым итым удз гъэгъахэр тралъхьащ, зы дакъикъэкІэ щыму зэхэтащ.

Зэхуэсыр яублэ

Зэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ:

- Ди гуапэщ нобэ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и щІыналъэ угъурлым дыщыІэну, мыхьэнэшхуэ зиІэ «Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я гъуэгукІэ» зэхыхьэм дыхэтыну. ФІыщІэ фхуэсщІыну сыхуейщ мы жэрдэм дахэм папщІэ. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ар и зы хэлъхьэныгъэу къызолъытэ.

Ди республикэхэм, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкІэм и тхыдэр зэныбжьэгъугъэмрэ зэгъунэгъуфІымрэ я щапхъэщ. Си гугъэмкІэ, дуней псом апхуэдэ щапхъэхэр щымащІэщ. Абы и лъабжьэр лъэпкъ Іущыгъэрщ, щэнхабзэ, псэкупсэ благъагъэрщ, зыр адрейм и хабзэм пщІэ зэрыхуищІырщ, гугъуехь къыкъуэкІмэ, дэтхэнэри дэІэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырырщ. Иджырей ди зэпыщІэныгъэ куумрэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэмрэ, дауи, зи фІыщІэр ди къуэш зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хэлІыфІыхьа цІыхухэращ. Псом япэрауэ, я цІэ къисІуэнут Мэлбахъуэ Тимборэ, Кабалоев Билар, КІуэкІуэ Валерэ сымэ, мы зэхуэсым хэт Дзасохов Александррэ Зумакулов Борисрэ. Апхуэдэуи зыщыдгъэгъупщэркъым Темыркъан Юрэрэ Гергиев Валерийрэ я зэныбжьэгъугъэр ди лъэпкъхэр зэкъуэувэным, зэкІэлъыкІуэным куэдкІэ сэбэп зэрыхуэхъуар. Ди зэхущытыкІэхэм зегъэубгъуныр дяпэкІэ ди щІэблэхэм я пщэрылъщ, абыхэм къащхьэпэнущ ди щІыналъэхэм яку дэлъ зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ езыгъэфІэкІуа цІыху цІэрыІуэхэм я зэфІэкІыр.

(КІэухыр 2-нэ нап итщ).

ГъащІэм и фІыгъуэ, и гурыфІыгъуэ

Шэч лъэпкъ хэмылъу жытІэнщи, дэтхэнэ адэ-анэм и дежкІи быныр ІэфІщ, зыхуэбгъэдэ щымыІэ фІыгъуэщ, гъащІэм и гурыфІыгъуэщ. Балигъхэм къыдгуроІуэ бгъэфІэн, бгъэгуфІэн, фІы куэдкІэ узыщыгугъыу уи ужь къибнэн щІэблэ къыпщІэувэныр унагъуэм, лъэпкъым я мызакъуэу, къэралым и дежкІи мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу зэрыщытри. АтІэми щыцІыкІум деж къыщыщІэдзауэ сабийм лъэныкъуэ псомкІи гулъытэ зэрыхуэщІыпхъэр, псом япэрауэ, адэ-анэхэми адэшхуэ-анэшхуэми я хьэкъщ. АдэкІэ абы къыпоувэ къэрал ІуэхущІапІэхэу гъэсапІэхэр, еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

ЩІэблэм ягъуэт гулъытэм, гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ, зэхэщІыкІымрэ еплъыкІэмрэ ехьэлІа Іуэхугъуэхэр ягъэнэхъапэу, ЩІы хъурейм къызэщІиубыдэ къэрал куэдым мэкъуауэгъуэм и 1-м ягъэлъэпІащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр. Илъэс 75-м щІигъуащ абы теухуа унафэ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) къызэрищтэрэ. Ар къыщыхъуар 1950 гъэращ. А махуэшхуэр убзыхунымкІэ япэу жэрдэм къыхэзылъхьар ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. ІуэхугъуэщІэр диІыгъащ ООН-м икІи унафэ ищІащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр, я узыншагъэр, уеблэмэ я гъащІэр хъумэным гулъытэ хуащІын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгухьэныгъэми зэфІих лэжьыгъэхэм ящыщу сабийхэм ехьэлІахэр япэ игъэщыпхъэу къилъытащ.

Махуэшхуэр дуней псом илъэс къэс щагъэлъэпІэну унафэ къащта щхьэкІэ, сабийхэм я Іуэхур хэпщІыкІыу ефІакІуэу пхужыІэнутэкъым. Абы къыхэкІыу Дунейпсо ЗэгухьэныгъэмяпэщІыкІэ Сабийм иІэ хуитыныгъэхэмкІэ Декларацэ, иужькІэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ къищтащ. Ахэр ди къэралым къыщилъытар илъэс 11 дэкІа нэужьщ. Нобэ а ІэнатІэр ди къэралым шэщІауэ щолажьэ. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ 2021 гъэм и жэпуэгъуэ лъандэрэ УФ-м и Президентым и уполномоченнэщ Львовэ-Беловэ Марие. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ щІэблэм я хуитыныгъэхэр къызэпемыгъэудыныр къэралым и нэІэм щІэгъэтыныр, а унэтІыныгъэмкІэ яубзыхуа къэрал политикэм къызэщІиубыдэ Іуэхугъуэ псори къызыхуэтыншэу гъэзэщІэныр, сабийм и Іуэхур ефІэкІуэным ехьэлІа еплъыкІэщІэхэр УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пащхьэ ихьэныр, цІыкІухэм я хуитыныгъэхэр къыщызэпауд къэхъумэ, абыхэм я къэрал къыщхьэщыжакІуэу хьэкумым и пащхьэ ихьэныр, нэгъуэщІхэри.

(КІэухыр 4-нэ нап. итщ).

Япэ игъэщыпхъэ къалэнхэр

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий (сурэтым) сымэ зыхэта зэІущІэ.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ республикэм и къалащхьэм адэкІи зегъэужьыным ехьэлІауэ къапэщыт къалэнхэм, лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум, гулъытэ хэха зыгъуэтыпхъэ ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым.

«Мыхьэнэшхуэ иІэщ мы зэманым зэтехуауэ екІуэкІ лэжьыгъэхэр къэмыгъэтІэсхъэным, программэ яубзыхуахэр нэсу гъэзэщІэным, къалэм и ІуэхущІапІэхэр, пщэ къыдэхуэ къалэнхэм пэлъэщыным.

Япэ игъэщыпхъэхэщ социальнэ мыхьэнэ зиІэ ІуэхущІапІэхэр зэгъэпэщыжыныр, щІэхэр ухуэныр, ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэджэ хъуа унэхэм щІэсхэр къыщІэгъэпхъукІыныр, кІэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшыныр, щІыналъэхэр зэІузэпэщ щІыныр.

Мылъкум пыщІа Іуэхухэми щхьэхуэу дыкъытеувыІащ.

Налшык зегъэужьыныр республикэм и зэІузэпэщыгъэм и Іыхьэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Ащхъуэт Азэмэтджэрий сехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ яфІ зыхэлъ Іуэхухэр къехъулІэну», - щыжеІэ КІуэкІуэ Казбек Максым щиІэ напэкІуэцІым.

Зыри гулъытэншэ ищІакъым

Я щхьэ ІуэхукІэ къыхуэкІуахэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек накъыгъэм и 30-м яхуэзащ.

ІУЭХУ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу республикэм и Іэтащхьэм зыкъыхуагъэзащ Налшык къалэм, Аруан, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм щыщхэм.

Къапщтэмэ, Къэхъун къуажэм и лІыкІуэхэр къытекІухьат жылэдэсхэм псы зэрыхуаутІыпщ бжьамийхэм щыщ Іыхьэ зэхъуэкІын, я гъуэгухэр зэгъэпэщыжын зэрыхуейм теухуа Іуэхум. КІуэкІуэ Казбек зыхуэфащэ ІэнатІэхэм пщэрылъ ящищІащ зэфІагъэкІыну нэхъ пасэу яубзыхуахэм а лэжьыгъэхэр хагъэхьэжынымкІэ щыІэ Іэмалхэм хэплъэну.

Апхуэдэуи зыкъыхуагъэзащ щытыкІэ гугъу къихута унагъуэхэм щыщ сабийхэм административнэ-хабзэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыным теухуа лъэІукІи.

КъимыдэкІэ, щІыналъэм и Іэтащхьэр ІущІащ дэ Іуэху хэхам хэтым.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ зыкъыхуэзыгъэза псоми Іэмал зэриІэкІэ зэрадэІэпыкъунур.

Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я гъуэгукIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Урысейр лъэпкъ 200-м щIигъу зэзышалIэ къэрал телъыджэщ. Дызэрыкуэдыр зэран хуэхъуркъым зэныбжьэгъугъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дяку дэлъу дызэдэпсэуным. «Лъэпкъхэр куэд мэхъу - Хэкур зыщ», - жиIэрт Гамзатов Расул. Аращ ди къэралышхуэм и быдапIэ нэхъыщхьэри, абы зедгъэужьын, ар зэIэпытхын, ди щIэблэхэм яхэтлъхьэн хуейщ. Апхуэдэу фIэкIа ехъулIэныгъэр зыIэрыдгъэхьэфынукъым. Мы зэхыхьэр Кавказыр зэрызэкъуэтым щыхьэт техъуэхэм ящыщ зыщ, икIи ди лъэпкъхэм я зэкъуэшыныгъэм и хабзэфIым пызыщэн ирехъу, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икIахэм фIэхъус щарихым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщI Тускаев Таймурази къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ ди адэжьхэр лIэщIыгъуэкIэрэ мамыру, зэгурыIуэу зэрызэдэпсэуар. Зэман нэхъ гугъу дыдэхэми абыхэм ящIыфырт Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ щыпсэу лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр езыгъэфIакIуэ унафэ.

- Зэныбжьэгъугъэ, атэлыкъ хабзэ телъыджэхэм хуэдэхэр сэбэп хуэхъурт нэгъуэщIхэм я щэнхабзэм нэхъ кууэ зыхэгъэгъуэзэным, зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ ирагъэфIэкIуэным, - къыхигъэщащ Тускаевым. - ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ геополитикэ щытыкIэ гугъум ди нэхъыжьхэм унафэ пэж къыхуагъуэтат - Урысейм гуэту лъэпкъхэр зы унагъуэу зэдэпсэуныр. А лъэбакъуэр къару лъэщ зыхэлът - IэнатIэхэр, щэнхабзэр, егъэджэныгъэр къэIэтыным хуэгъэзат. Ди лъабжьэр быдэ зыщIщ: ди тхыдэшхуэр, псоми я зэхуэдэ щэнхабзэр, нобэ сэбэп къытхуэхъу лъапIэныгъэ мыкIуэщIхэр. Си гум къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сохъуэхъу мамырыгъэ, фIыгъуэ, зэIузэпэщыныгъэ иIэну, зыужьыныгъэфI игъуэтыну, - къыхигъэщащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщIым.

ЩIэблэхэм я зэпыщIэныгъэм и гугъу щищIым, ЮНЕСКО-м и IуэхухэмкIэ УФ-м и комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ, дунейпсо IуэхухэмкIэ Урысей советым и вице-президент Дзасохов Александр игу къигъэкIыжащ и ныбжьэгъуфIу щыта, КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ. Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, уеблэмэ Кавказ псом жэуаплыныгъэ пылъу щекIуэкIа Iуэхугъуэшхуэхэм КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зэрепхар.

- ЛъэкIыныгъэшхуэрэ мурадышхуэрэ иIэу ар елэжьащ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм. Гугъуехь щыпэщIэхуэкIи, ар и IущагъкIэ, и пщэдейрей махуэр къызэрыгурыIуэмкIэ абы къыхэкIыфырт, икIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр а зэман гугъухэм къыхишыфащ. КIуэкIуэ Валерий куэд дыдэ зэфIигъэкIащ, гуфIэу абы къызжиIэжырт республикэр, къуажэ жыжьэхэр нэгъунэ, газкIэ къызэрызэрагъэпэщар. Дэ дзыхь зэхуэтщIырти, зэзэмызэ зэгъусэу дегупсысырт жэрдэм щхьэпэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Узэныбжьэгъуныр пщIэшхуэ зыпылъщ. Дызэбгъурыту дызэдекIуэкIыныр къэкIуэну щIэблэхэми къахуэгъэнапхъэщ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы къыхигъэщащ зэгъунэгъу республикэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэ быдэм зэрыригушхуэр икIи япэ итахэм яубзыхуа хабзэхэм адэкIи пащэну зэрыщыгугъыр.

- Сэ си щIалэгъуэм щыщIэдзауэ Осетие Ищхъэрэм хуабжьу сыхуэпэжщ икIи зэкъуэш зэхущытыкIэхэм дызэпащIэ. Адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щыпсэу псори, ирогушхуэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием хуэдэ гъунэгъу зэраIэм. ЩIыналъэхэр дызэрыгушхуэнрэ тхъумэнрэ диIэщ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэтрэ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Осетие Ищхъэрэ-Аланием Тхыдэмрэ археологиемкIэ и институтым и унафэщI Бзаров Русланрэ.

Дзэмыхьым и къэпсэлъэныгъэр теухуат лIэщIыгъуэкIэрэ осетинхэр, адыгэхэр, балъкъэрхэр зэрызэныбжьэгъумрэ къадекIуэкI хабзэхэмрэ. Абы къыхигъэщащ лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэхэтыкIэри тхыдэкIэ зэрызэпыщIари. Къэпсэлъам гулъытэ хэха яхуищIащ адэжьхэм я щапхъэм тету лъэпкъ зэкъуэшыныгъэм и хабзэхэм пызыща къэрал, щIэныгъэ, щэнхабзэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, абыхэм я лъэхъэнэм. Депутатым къиIуэтащ осетинхэмрэ адыгэхэмрэ унагъуэ дахэ зэрызэдаухуэри къэгъэлъэгъуапхъэу.

ЯгъэлъапIэ

Зэхуэсым и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт саугъэтхэр ятыныр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ совет, урысей къэрал, политикэ лэжьакIуэ, дипломат, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и президенту 1998 - 2005 гъэхэм щыта Дзасохов Александр иритащ КъБР-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ орденыр.

Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщI Тускаев Таймураз «Парламент зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым папщIэ» КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ.

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ зэхуозэ

Зэхыхьэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Парламентым и УнафэщI Тускаев Таймураз IущIащ. Ахэр Iуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ, къапэщылъхэри къагъэлъэгъуащ.

Журналистхэм щепсалъэм

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ и гупсысэхэмкIэ ядэгуэшащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ зэрызэгъунэгъум къищынэмыщIа, лIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь зэныбжьэгъугъэ нэскIи зэпыщIащ. А псом ди лъэпкъхэр ипэжыпIэкIэ зэкъуэш ещI», - жиIащ абы.

Хабзэубзыху IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлажьэм щытепсэлъыхьым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ республикэхэм я парламентхэр УФ-м и хабзэубзыхухэм я Советми Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэми купщIафIэу зэрыщызэдэлажьэр, абы къыдэкIуэуи иджыблагъэ Iэ зыщIадза ЗэгурыIуэныгъэм Iэмал къазэрыритыр я зэпыщIэныгъэр нэхъ куу, нэхъыфI ящIыну.

Егоровэ Татьянэ игу къигъэкIыжащ Осетие Ищхъэрэм и депутатхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ зэрыщыIар, Дзэлыкъуэ щIыналъэр я щапхъэу, республикэм и къуажэхэм зэрызауж щIыкIэм щызыгъэгъуазэ Iуэхухэр къызэрызэрагъэпэщар. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр хэтащ КъБР-м и Парламентым къыхилъхьауэ щыта «Зы лъагапIэм къыщыщIэдзауэ адрей лъагапIэм нэс» хэкупсэ Iуэхум.

- Iуащхьэмахуэ лъапэ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIэгъэкIыжыным папщIэ екIуэкIа зэхэуэхэм хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъым пщIэ хуэтщIу, щхьэхуитщIыжакIуэхэм я фэеплъ нэхъ лъагэ дыдэу бгым тетым удз гъэгъахэр щыдгъэтIылъащ. КъищынэмыщIауэ, Терскол къуажэм дэт школым, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыкIуащ. Шэч хэмылъу, а псори сэбэп мэхъу адэкIи нэхъ гъунэгъу дызэхуэхъуным, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий жиIащ республикитIым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэшыныгъэр тхыдэм кууэ къызэрыхэщыр. Абы зэрыжиIащи, ар ноби щынэрылъагъущ щIыналъэхэм. Абы, шэч хэмылъу, еубзыху къэрал лъэпкъ Iуэху нэхъыщхьэхэмрэ къалэнхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ комитетым хэт Пащты Борис, зэIущIэм и мыхьэнэр зэрыиныр къыхигъэщу, къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ зэрахуищIыр жиIащ.

- Дэ, республикитIым щыпсэухэм, дызэрыгушхуэн диIэщ: лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ дызэныбжьэгъуу дыкъызэрызэдэгъуэгурыкIуэр, ди тхыдэм дызэрыхуэпэжыр. Абы и щыхьэтщ - щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр езыхэри зэныбжьэгъуу, зым адрейм и гугъуехьыр дигъэпсынщIэу къызэрекIуэкIар. ЩIэблэ къэс зэфIэкI зиIэ къахокI, икIи ди нэхъыжьхэм яубзыхуа зэхущытыкIэхэм я хабзэ нэхъыфIхэр абыхэм зэIэпахын хуейуэ. Нобэ дызэхуэсауэ «дызэкъуэшщ, дызэгъусэщ» зэрыжытIэр ди ужь итхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъун хуейщ, - къыхигъэщащ депутатым.

Лъэпкъ музейм

КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэхэр Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Лъэпкъ музейм щыIащ.

ПэшипщIым щIагъэзэгъа хьэпшыпхэм лIэщIыгъуэхэр зэкIэлъыкIуэу къызэщIакъуэж: кобан щэнхабзэмрэ Алан къэралыгъуэм и тхыдэмрэ къыщыщIэдзауэ зауэ нэужьым республикэр зэфIэгъэувэжынымрэ абы и иджырей ехъулIэныгъэхэмрэ щыщIэкIыжу. Депутатхэр еплъащ лъэпкъ фащэхэм, Осетиер Урысейм зэрыгухьам теухуа тхыгъэхэм, республикэм щыщ дзэзешэхэм ейуэ щыта хьэпшыпхэм, Хэку зауэшхуэм и зэманым щыIа дэфтэр гъуэтыгъуейхэм.

Зэхуэсым и кIэм зэхыхьэм хэтхэм къыхагъэщащ мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, щIыналъэхэр дяпэкIи купщIафIэу зэрызэдэлэжьэнум шэч къызэрытрамыхьэр.

ХьэщIэхэм папщIэ зыкъагъэлъэгъуащ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и артист пажэхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и экономикэр

МазиплIым кърикIуахэр

2026 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр процентн 112,3-рэ хъуащ. Республикэм и экономикэм щыщ IэнатIэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр зэпэщхьэхуэу къатщтэмэ: щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ IэнатIэм - процент 94,1-рэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - проценти 111,3-рэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм - процент 113,0-рэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм - проценти 132,3-рэ къагъэлъэгъуащ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу нэкулъ лIэужьыгъуэхэм, гъэшым, крупам, маргариным, тхъуцIынэм, кхъуеймрэ кхъуейлъалъэмрэ, йогуртым, шхум, шатэм, Iусыпхъэм, IэфIыкIэм, нарзаныпсым, зэрылажьэ щыгъыным, кIэстумым, щэкIхэкIым, пыIэм, лъэпэдым, унэлъащIэм ирахьэлIэ цIыкIуфэкIуэхэм, абдж птулъкIэм, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэм, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп IэмэпсымэхэмI, рентген аппаратхэм, унэлъащIэм, медицинэ IэмэпсымэхэмI я куэдагъым хагъэхъуащ.

Электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъыбэщ.

Апхуэдэу щыхъукIи лым, пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI консервым, сэхуран дагъэм, хьэжыгъэм, псыIэфIым, пыченэм, тепIэнщIэлъыным, вакъэм, картоным къыхэщIыкIа ашычым, кислородым, пластмассэм, пластмассэм къыхэщIыкIа ашычхэмрэ коробкэхэмрэ, пластмассэм къыхэщIыкIа бжэ-щхьэгъубжэм, абдж банкIхэм, бетоным, асфальт-бетон зэхэщIам, чырбышым, кабель продукцэм, автотранспортым ирахьэлIэ пкъыгъуэхэм кIэрыхуащ.

2026 гъэм и япэ мазиплIым къриубыдэу республикэм щаIэтащ псэупIэу 1050-рэ, абы щыщу унагъуэхэм - 1040-рэ. Фэтэрыщ1эу псори зэхэту 1883-рэ яухуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 27,4-кIэ нэхъ мащIэщ ар. Абы щыщу унагъуэхэм яухуащ метр зэбгъузэнатIэу мини 138,8-рэ. 2025 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 41,3-кIэ нэхъ мащIэщ ари.

Фэтэр куэду зэхэт псэупIэхэр зыухуэ IуэхущIапIэхэм яIэтар метр зэбгъузэнатIэ мин 49,5-рэ хъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхуэзэфIэкIар метр зэбгъузэнатIэ мин 23,0-рэщ.

Къуажэ щIыпIэхэм щаухуащ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 96,1-рэ е илъэс блэкIам и иджы хуэдэ зэманым яхузэфIэкIам нэхърэ процент 39,0-кIэ нэхъ мащIэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш. фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту къалэжьащ мэкъумэш продукцэу сом мелард 11,6-рэ и уасэ е 2025 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым щыIа бжыгъэхэм проценти 101,7-кIэ хуэкIуэу.

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэр гъатхасэм йоужьэрэкI. НобэкIэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм жылэхэр гектар мин 17,4-м халъхьащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 3,4-кIэ нэхъ мащIэщ ар. Абы щыщу гектар мини 6,2-м тращIащ хьэцэпэцэмрэ джэш хъурейм рэ (нартыхур хэмыту). Нартыху жылапхъэм ирагъэубыдащ гектар мини 5,6-рэ, сэхураным - гектар мин 1,1-рэ, хадэхэкIхэм - гектар мин 1,2-рэ.

2026 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ Iэщ щхьэ бжыгъэу яIыгъам (кхъуэмрэ джэдкъазымрэ къищынэмыщIа) кIэрыхуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ икIи ахэр хъуащ: Iэщышхуэу - мин 273,3-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ар мин 280,1-рэ хъууэ щытащ. Абы щыщу жэмыр - мини 141,7-рэ (мини 144,1-рэ), мэлымрэ бжэнымрэ - мин 427,7-рэ (мин 450,0-рэ). Апхуэдэу щыхъукIи, фIыуэ хэхъуащ кхъуэ бжыгъэм - мини 2,0-рэ, джэдкъазым - мелуани 5,0-рэ.

Республикэм Iэщрэ джэдкъазу псори зэхэту щаIыгъым щыщу Iэщышхуэм и процент 72,2-р, абы щыщу жэмым и процент 67,5-р, кхъуэм и процент 99,2-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 46,8-р, джэдкъазым и процент 37,0-р унагъуэхэм яйщ.

2026 гъэм и япэ мазиплIым КъБР-м и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту къалэжьащ лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) тонн мин 35,7-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,1-кIэ нэхъыбэщ ар. Гъэшу къашащ тонн мини 147,0-рэ (процент 1,7-кIэ нэхъыбэщ), джэдыкIэу кърахащ мелуан 63,9-рэ (проценти 2,4-кIэ нэхъыбэщ).

Мэкъумэш IуэхущIапIэхэм зы жэмым хуэзэу гъэшу къыщIашащ килограмм 2122-рэ (2025 гъэм и щIышылэм 1 мэлыжьыхьым 1 килограмм 2109-рэ). ДжэдыкIэу 66-рэ зы джэдым хуэзэу кърахащ (нэгъабэ 1 59-рэ).

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къару къигъэхъуапIэ

Кавказ щIыналъэр цIэрыIуэу зэрыщытыр и дахагъэрэ щIыуэпс къабзэкIэ, щызекIуэ хабзэрэ нэмыскIэ, ерыкъы къэуатрэ къафэ екIухэмрэ я закъуэкъым. Дуней псом щыщапхъэщ адыгэ жьэгу пащхьэм ижь-ижьыж лъандэрэ къитэджыкI щIалэхэм яхэлъ хахуагъэр, зэрахьэ лIыгъэр. Тхыгъэр зытеухуа Дидан Мурат и щапхъэщ а псалъэхэм: и ныбжькIэ щIалэми, лIыгъэу хэлъым папщIэ щытхъу хуагъэш, дамыгъэ лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ.



СЭРМАКЪ къуажэ дэс Лиуанрэ Мариерэ зэдагъуэта быниплIым ящыщщ Мурат. Курыт еджапIэр фIы дыдэу къэзыуха, абы и ужькIэ дзэм кIуэуэ къэралым екIуу къулыкъу хуэзыщIа щIалэщIэм къигъэзэжа къудейт, дзэ Iуэху хэхар (СВО) Урысей Федерацэм щиублам. Хэкум и щхьэхуитыныгъэр хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэпэщIэувэныгъэм япэу хыхьахэм ящыщащ Диданыр. Ноби зэуапIэ IэнатIэ Iутщ а щIалэ хахуэр.

ЖыпIэнурамэ, адыгэпсэ зыIут, адыгэгу зыкIуэцIылъ щIалэщ Мурат. Щалъхуа щIыналъэр фIыщэу елъагъу абы, адыгэм къызэрыхэкIар зыщигъэгъупщэкъым. Уеблэмэ и лъэпкъ дамыгъэм гукъыдэж къриту, ар и къару къигъэхъуапIэу щытщи, арагъэнщ и бгъэгум лъэпкъ ныпым и сурэтыр щIытегъэуари. УимыгъэгушхуэнкIэ Iэмал зимыIэщ абы цIэ лейуэ зэуапIэм къыщигъэсэбэпми - «Шэрджэс»!

Дидан Мурат сержант нэхъыщIэщ, зэуапIэм лIыгъэ къыщегъэлъагъуэ, уIэгъэ хъуахэм, зыдэIэпыкъупхъэхэм и сэбэп ярегъэкI. Адэ-анэфIым ягъэса щIалэм щытхъу тхылъхэр, фIыщIэ псалъэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Диданым кърататхэу Жуковым и цIэр зезыхьэ орденыр, «Хахуагъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри. Ахэр къыпэкIуащ адыгэ щIалэм зэуапIэ губгъуэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм, щызэрихьа лIыхъужьыгъэхэм. Мурат и унагъуэми зэпыу имыIэу къыхуагъэхь фIыщIэ тхыгъэхэр, абы къулыкъур щрихьэкI дзэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу.

Лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу зыхалъхьа бын пажэм хуэгъэза щытхъу псалъэхэр зэхэзых адэ-анэм ахэр гуапэ ящымыхъуу къанэркъым. А хьэл-щэныфIхэмкIэ Мурат я щапхъэщ и анэкъилъху нэхъыщIэхэу Тимур, Тамарэ, Иринэ сымэ. Ахэр ирогушхуэ шынэхъыжьым, дэлъху пажэм хэлъ лIыгъэм, узыншэу, Iэпсолъэпсоуэ къэкIуэжыну Къытщхьэщытым йолъэIу.

Мылъкуракъым къулеигъэри хъуэпсапIэу гъащIэр зыгъэдахэри. Уи унагъуэ, къуажэ, лъэпкъ къыхэкIа щIалэ емызэш, лIыгъэ зыхэлъ, гъэса уиIэныр аращ фIыгъуэшхуэр. Дидан Мурат апхуэдэщ: абы хэлъ нэмысымкIэ, къигъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хэлъ хахуагъэмкIэ щапхъэщ щIыпIэм къихъуэ щIэблэмкIэ.

Узэрыгушхуэ хъун щIалэщ Дидан Мурат.

МАХУЭЛI Беслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэпсэлъэныгъэхэм хуэхьэзырщ

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Карасин Григорий къелъытэ украинэ зэныкъуэкъум теухуа зэпсэлъэныгъэхэм Урысейм гужьгъэжь хузиIэ европей политикхэр хэтын хуэмейуэ.

«ДЭ дыхуэхьэзырщ зэпсэлъэныгъэхэм. Ауэ ди къэралым къыхуаIэ лъагъумыхъуныгъэхэмкIэ зи цIэр зыгъэIухэр абы къыщIыхыхьэн щыIэкъым. Абы хэтыпхъэр зыщыпсэу къэралми дунейпсо утыкуми пщIэ щызиIэ цIыхухэрщ», - жиIащ абы «Лента.ру»-м и журналистым щепсалъэм.

Апхуэдэу сенаторым къыхигъэщащ КъухьэпIэ къэралхэм Украинэм теухуа зэпсэлъэныгъэхэр езыхэр щIызэныкъуэкъу Iуэхухэм ящыщ зы зэращIар.

«Урысейр ягъэпудкIэрэ зи цIэр зыгъэIуну хуей дэтхэнэми абы теухуа псалъэмакъыр къеIэт. Абы къыхэкIыуи, апхуэдэхэр дэ IуэхущIэгъу тхуэхъунукъым. Сэбэпынагъ къызыдэкIуэн чэнджэщхэр къыдэзыхьэлIэфын, гупсысэ лантIэ зиIэ, политикэм кууэ хэзыщIыкI цIыхухэрщ дызыхуэныкъуэр. Дэ ди лъэныкъуэкIэ а Iуэхум хэтынухэр яубзыхуащ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ зэпсэлъэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIынум хуэхьэзырщ», - жиIащ Карасиным.

ЦIыхухэри жыджэру хэту

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий «Лъэпкъ проектхэр» АНО-м и кIэлъыплъакIуэ советым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм блэкIа илъэсым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэмрэ мы гъэм зэфIагъэкIыну къапэщытхэмрэ.

2025 гъэм УФ-м и Президентым и унафэкIэ лъэпкъ проектыщIэхэр ирагъэжьащ - псори зэхэту нобэ ахэр 20 мэхъу. ЦIыхухэр нэхъыбэу зыщыгъуазэхэм ящыщщ анэ мылъкум, узыншагъэр хъумэным, киберщIэпхъаджащIэхэм япэщIэтыным, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщхьэщыхауэ зэхуэхьэсыным, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр бжыгъэм хуэгъэкIуэным, туризмэм теухуа проектхэр.

«Мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэр лъэпкъ проектхэр зэрыщыIэм щыгъуазэ къудей мыхъуу, ахэр гъэзэщIэнми жыджэру зэрыхэтым, - жиIащ вице-премьерым. - ПэхуэщIэм я сэбэпынагъыр къэтхутэжу едгъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэм ахэр нэрылъагъу тщащI. Псалъэм папщIэ, 2025 гъэм мэзгъэфIэнхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ зыплъыхьакIуэ мелуан 22,5-м щIигъу щыIащ».

Мэкъуауэгъуэм и 2, *гъубж*

♦Къэуат зыщIэлъ ерыскъымрэ шхынкIэ емыгъэлеинымрэ я махуэщ

♦1928 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэ къыщызэIуахащ.

♦1950 гъэм къалъхуащ усакIуэ, журналист **Хьэту Пётр**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 3, *бэрэжьей*

♦Лъакъуэрыгъажэм и дунейпсо махуэщ

♦1935 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, сабийхэм папщIэ тхылъ куэд къыдэзыгъэкIа **Тамбий Александр**.

♦1948 гъэм къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа **Шал Мухьэмэд**.

♦1953 гъэм къалъхуащ радиожурналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей артиадэм и лауреат **Багъэтыр Нинэ**.

♦1962 гъэм къалъхуащ Кубаным и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Успенскэ куеймрэ Армавир къалэмрэ я Iэтащхьэу, Краснодар краймрэ и губернаторым и япэ къуэдзэу щыта **Хьэту Жамболэт**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

КЪЫТХЭХЪУАЩ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 17. Абыхэм ящыщу 5-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 17, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3690-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.

● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм я илъэсщ

Мамырыгъэм шэсыпIэ хуэхъу жэрдэм

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр къыззэпкърызых зэIущIэ гъэщIэгъуэн иджыблагъэ щекIуэкIащ. «Лъэпкъыбэ Урысей: дызэщIыгъуу теплъэгъуэхэр зэхудохьэс» - арат зэреджэр къэралым и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу къызэрагъэпэща зэхуэсыр. Абы и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъхэм я зэхуакум дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэн, я щэнхабзэхэр зэлъэIэсын, зым и гупсысэкIэмрэ тхыдэмрэ адрейм пщIэ хуищIу егъэсэн зэрыхуеим и Iэмалхэр къэлъыхъуэнырт. Зэхуэсым и фIэщыгъэ къудейм къызэригъэлъагъуэщи, лъэпкъыбэу зэхэт жылагъуэм а къалэнхэр зэрызэфIихын хэкIыпIэхэр и мащIэкъым, ар къэгъэнауэ, зэрыригъэфIэкIуэн Iэмалхэр и куэдщ.

ЦIЫХУ 200-м нэблагъэ къызрихьэлIа зэIущIэм хэтащ къэрал къулыкъущIапIэхэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ, дин икIи жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ икIи щэнхабзэ центрхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу Iуэхум хэтащ Урысейм и лъэпкъхэм я хасэм КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ГъукIэпщокъуэ Мурат сымэ, КъБР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэр, ныбжьыщIэ хасэхэм я лэжьакIуэхэр, магистрантхэмрэ аспирантхэмрэ.

Зэхуэсыр къызэрагъэпэщащ Урысейм и лъэпкъхэм я хасэм, Урысейм Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и къулыкъущIапIэм (ФАДН), Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я жэрдэмкIэ.

Iуэхугъуэм кърихьэлIахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, Сэхъурокъуэ Хьэутий тепсэлъыхьащ лъэпкъыбэм я зэгурыIуэныгъэр щIыналъэми къэралми хъума щыхъу, зи мыхьэнэр имыкI къалэнышхуэу зэрыщытыр. Абы къыдэкIуэу Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр, нобэкIэ дунейм щекIуэкI геополитикэ Iуэхугъуэхэр къэплъытэмэ, къэралыр лъэщ зыщI, и экономикэ лъабжьэр зыгъэбыдэ, и пщэдейрей махуэхэр ехъулIэныгъэкIэ зыузэд щапхъэу зэрыщытыр.

- Дэ щIэх-щIэхыурэ лъэпкъхэр зэрызэкъуэтын, я зэхуакум зэгурыIуэ дэлъын зэрыхуеим и гугъу дощI. А псалъэмакъым къыщIытедгъэзэжри къыдэкIуэтей ди щIэблэрщ. Дызэрыщыгъуазэщи, геополитикэ щытыкIэм къэралхэмрэ щIыналъэхэмрэ я щыIэныгъэм Iэджэ зэхъуэкIыныгъи къыхелъхьэ. Ар зытеухуар экономикэмрэ политикэмрэ и закъуэкъым, ар ялъоIэс псэкупсэ лъапIэныгъэхэми, тхыдэ щIэжми, лъэпкъ щэнхабзэхэми. «Щхьэхуитыныгъэ» фIащауэ уеплъынкIэ узыIэпызышэ фIыгъуэхэм я лъабжьэм щIэлъыр и щIыIукIэ къэкIуа нэужь, гу лъыботэ лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ дуней лъагъукIэр зыкъутэ мыхъумыщIагъэ куэд къазэрылъыкъуэкIыр. Абы упэщIэувэжыныр куэдкIэ гугъу мэхъу, и лъапсэм зэрызидзыр, ди щIалэгъуалэр зэригъэщхьэрыуэр къэплъытэмэ. Арыххэуи, махуэ къэс жыхуаIэм ещхьу, илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ хъугъуэфIыгъуэхэр дунейм и пIалъэ зыщIэ нэхъыжьыIуэхэм щIалэгъуалэм бгъэдалъхьэну къалэн я пщэ къыдохуэ. Дапхуэдэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ фIыгъуэхэр «зыгъэткIу» зэраныгъэм узэрыпэлъэщынур? Дауи, уепсалъэкIэрэщ, ебгъэлъагъукIэрэщ, щапхъэхэм щыгъуазэ хуэпщIкIэрэщ. Ди щIыналъэм илъэс пщIы бжыгъэхэр хъуауэ бзэкIи, щэнхабзэкIи, динкIи зэмыщхь лъэпкъхэр щызэдопсэу, IыхьлыгъэкIэ зэпыщIа хъуауэ яхэтри мащIэкъым, ныбжьэгъугъэкIэ зэрыIыгъхэр нэхъыбэжщ. А щытыкIэм къиихьыр мамырыгъэщи, зэрытлъэкIкIэ тхъумэну ди хьэкъщ. Мы зэIущIэ дахэм кърихьэлIащ лъэпкъ хасэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ я лIыкIуэхэр. Абыхэм купщIафIэу ядолажьэ Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щэнхабзэ фондыр. Ядэлажьэ къудейкъым, атIэ къыхилъхьэ жэрдэмхэмкIэ зы лъэпкъыр адрейм ирегъэцIыху, гъунэгъу хуещI. Мы зэхуэсым кърихьэлIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэри. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр зытеухуауэ щытыр адыгэхэм я лъэпкъыщхьэр къэхъумэнырщи, ар зрагъэхъулIэмэ, зи псэкупсэ гукъыдэжыр зэфIэува лъэпкъым и гуащIэдэкIыр лъахэмрэ къэралымрэ хуагъэлъэщэнущ. Дэ къэтлъыхъуэр аращи, сыщогугъ мы зэIущIэм къыщыIуну гупсысэ дахэхэм гъуэгу ягъуэтыну, ахэр зэхэзыххэм гъащIэм зэрыхапщэн Iэмали зэрагъэпэщыну, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Зэхуэсым къыщыпсэлъа Къуэшырокъуэ Залым къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ икIи щэнхабзэ къулеигъэр къэралыр лъэщ зыщI Iуэхугъуэу къызэрилъытэр.

- Девгъэгупсысыт бзитIкIэ е бзищкIэ псалъэ цIыхум и зэхэщIыкIыр зыхуэдэм. Абы къигъэIурыщIэр зыщыщ лъэпкъым и дуней лъагъукIэм и закъуэкъым, ар нэгъуэщI лъэпкъхэм я нэкIэ Iуэхум хоплъэ, езыри зыхунэмыс гуэрхэр а бзэхэм кърат е къыбгъэдалъхьэ. Апхуэдэщ лъэпкъ щэнхабзэхэри зэрыщыIэр, зэрефIакIуэр - зым и фIыр адрейм къэщтэ, зым и дахэр адрейм зыщетIагъэ. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ куэдыр тхыдэкIэ зэпыщIащ, бзэрэ щэнхабзэкIэ унэкъуэщыгъэ зи зэхуаку дэлъу яхэтри мащIэкъым. Ар фIыгъуэшхуэщ, сыту жыпIэмэ ди ужь къиувэнухэм Iэмал яIэщ абы ирипсэуну, зытет дунейр ирагъэдахэу щыIэныгъэр ирахьэкIыну. Ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди адэжьхэм къытхуагъэна псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр тхъумэну, мы гъащIэм къигъэув Iуэхугъуэхэм зыдащIу ахэр едгъэфIэкIуэну. Ди щIыналъэр къапщтэмэ, лъэпкъыбэ щыIэныгъэр лъым хыхьауэ къэлъытэн хуейщ. КъытпэщIэтхэм къагъэсэбэп Iэщэхэр зэхуэдэкъым, ауэ абыхэм къахэгъэщыпхъэщ лъэпкъхэм я зэхуакум къыдаукIэну зыхэт хьэлэр. Дэ зэгъусэу дызэрыпсэум, дызэрызэрыцIыхум нэхъ Iэмалыфl иIэкъым а бзаджагъэм пэщIэтыным. Си псалъэм и кIэухыу зэIущIэм кърихьэлIахэм псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт. Къэралым иригъэкIуэкI лъэпкъ политикэр зыгъэзащIэхэм фащыщщи, мы зэIущIэм щекIуэкIыну лэжьыгъэм и фIагъ куэд кърикIуэну согугъэ, - жиIащ Къуэшырокъуэ Залым.

АдэкIэ псалъэр къызылъыса ГъукIэпщокъуэ Мурат къахуеблэгъа хьэщIэхэр зэрагуапэр, зи ужь ит Iуэхугъуэхэм езыхэри зэрытелажьэр къыхигъэщащ.

- Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм теухуауэ дгъэлъэгъуэнур ди мащIэкъым, хужытIэфынури куэд мэхъу. Сыт и уасэ, псалъэм и хьэтыркIэ, мы бжыгъэхэр: ди университетым щоджэ Урысейм и щIыналъэ 42-м къикIа ныбжьыщIэхэмрэ хамэ къэрал 30-м щыщу IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щызэзыгъэгъуэт щIалэгъуалэмрэ. Къапщтэмэ, ди еджапIэр лъэпкъхэр щызэрыщIэ, щэнхабзэхэр щызэхыхьэ, бзэхэр щызрагъащIэ утыкущ. ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ епха IуэхущIапIэу дыщыт пэтми, дэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр IэщIыб тщIыркъым, уеблэмэ ар япэ щидгъэщ Iэджэрэ къытхуохуэ. ДыхущIокъу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэм я щэнхабзэр къызэрыхэдгъэщыным, я бзэр къызэрыдгъэIуным, зы къэрал дызэрыщыпсэур, дызэрыIыгъын зэрыхуейр дэтхэнэми зэрызыхедгъэщIэным. ЩIыналъэ къэс и еджапIэ нэхъыщхьэр щэнхабзэ центру щытын хуейуэ къыдолъытэ. А къалэныр екIуу зэфIихмэ, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэту гъащIэм хыхьэ цIыхум куэдкIэ ущыгугъ хъунущ - ар хуэсакъынущ мамырыгъэми, ар хущIэкъунущ зыужьыныгъэми.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щэнхабзэ фондым и унафэщI Мэкъуауэ Лиуазэ, КъБКъУ-м адыгэбзэ филологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Мусэдин, ДАХ-м и вице-президент, КъБР-м егъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыуэ щыхагъахъуэ центрым адыгэбзэмкIэ и лъэщапIэм и унафэщI Щоджэн Iэминат, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил, эстон лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и лэжьакIуэ КъуэщIысокъуэ Павел, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ джынымкIэ центрым и унафэщI Литвинов Роман, нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсым ипкъ иткIэ КъБР-м щыIэ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, лъэпкъ IэщIагъэмкIэ мастер-класс хэр къызэрагъэпэщащ. Iуэхугъуэр зэфIэкIа нэужь, Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ щэнхабзэ центрым лъахэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, хэку лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэмкIэ гъэнщIа концерт екIуэкIащ, ди щIыналъэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ хэту.

Iуэхугъуэ хэтахэм гуапэ ящыхъуащ ар къызэгъэпэщыныкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуа Сэхъурокъуэ Хьэутий и цIэр дахэкIэ къызэрыраIуари - абы егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ КъБКъУ-м и зыужьыныгъэм хилъхьа гуащIэмрэ и саулыкъукIэ «Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и пашхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» ЩIыхь дамыгъэр къыхуагъэфэщащ.

Адыгэ хъуэхъуэжьхэм куэдрэ ущрохьэлIэ «зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу» жыIэгъуэр. Нэхъыжьхэми арат жаIэр: зэгурыIуэм нэхъыфI щыIэкъым, ар къызыгурыIуэм нэхъ насыпыфIи дунейм теткъым. Мамырыгъэм шэсыпIэ хуэхъу мыпхуэдэ жэрдэмхэр къыхэзылъхьэхэм фIыщIэ яхуэфащэщи, я гуращэхэр къадэхъуу псэуну ди гуапэщ.

БЕСЛЪЭН Берд.

● Мэкъумэш

Хэхъуэр къызыпэкIуэр

2026 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш продукцэу къыщыщIагъэкIам и куэдагъым процентi 103,8-кIэ хигъэхъуащ икIи Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ар псом нэхърэ щынэхъыбэщ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, а пIалъэм къриубыдэу республикэм лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) къыщалэжьамкIэ КИФЩI-м щыяпэщ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 105,1-кIэ хуокIуэ ар. ГъэшымкIэ ди щIыналъэр КИФЩI-м щыетIуанэщ (процентi 101,6-рэ), джэдыкIэмкIэ ещанэ увыпIэм щытщ (процентi 103,3-рэ) иIэу.

Апхуэдэ зэфIэкIыфIхэр республикэм къегъэлъагъуэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэр зэрыригъэфIакIуэ, мэкъумэш-промышленнэ комплексым зэрызригъэужь зэпытхэмрэ щыIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэмрэ я фIыгъэкIэ.

Хуабэщ хадэхэкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм гулъытэ хэха щыхуащI зэпытщ ди щIыналъэм и хуабэщхэм къыщагъэкI хадэхэкIхэм я куэдагъым хэгъэхъуэным. ЖыпIэнурамэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту бэдрэжану тонн 1780-рэ, нащэу тонн 200-м нэблагъэрэ абыхэм къыщыщIачыжащ.

МЫДРЕЙУЭ, ди республикэм нэгъабэ къыщрахьэлIэжащ хадэхэкIыу тонн мин 36,8-рэ, абы щыщу тонн мин 17,6-р мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ейуэ. Зэрыхабзэу, хадэхэкIым и нэхъыбэр бэдрэжанщ. Мыбдежым, абы и процент 90-м щIигъур мэкъумэш IуэхущIапIэхэм къалъос.

МэракIуэIэрысэм и чэзущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм къыщагъэкIа мэракIуэIэрысэр ди сату щIапIэхэми нэгъуэщI щIыналъэхэми щащэ. Иджыпстук Iэ кърахьэлIэжыр пасэ лIэужьыгъуэхэм щыщхэрщ, ауэ мыгувэу нэхъ кIасэхэми пэрыхьэнущ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, ди республикэм мэракIуэ лIэужьыгъуэу щащIэм и процент 56-р мэракIуэIэрысэм еубыд икIи а шхыныгъуэ гуакIуэм щыщу тонн мини 4,21-рэ къыщрахьэлIэжащ нэгъабэ. Мы гъэми абы кIэрамыгъэхуну я мурадщ.

МэракIуэIэрысэр нэхъыбэу къэзыгъэкIыр унагъуэхэрщ. Республикэм къыщыщIачыжым и процент 50-м нэблагъэр абыхэм ейщ, адрей къэнар - фермер, уней IуэхущIапIэхэм къалъос.

КъищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщрахьэлIэжым и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр иIыгъщ икIи псоми зэхэту зэщIакъуэжым и зэхуэдитIым нэблагъэр ди республикэм ейщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Абей Мэджэ и хъыбар

Мы хъыбарыр къэзыIуэтэжар Тэрч щIыналъэм хыхьэ Плановскэ (Ботэщей) къуажэм щыщ Жанкъулей Рэмэзанщ. Абы къыжезыIэжар и адэ Елдарщ. Хъыбарыр зытеухуар щIалэ хахуэ Абей Мэджэщ. ЦIыху нэхъыбэм ар яригъэщIэн, ди газетым и щIэджыкIакIуэхэм абы щыгъуазэ къахэкIмэ къыпригъэщэн мурадкIэ, Рэмэзан зыкъысхуигъэзащи, ар зэрыщытым хуэдэу фи пащхьэм ныдолъхьэ. Ди гуапэ хъунт, мыбы къыпэджэжын щыIамэ.

«МЫ хъыбарыр, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, 1957 гъэхэм си адэм къыжезыIэжар Ботэщей къуажэм щыщ Абазэхэ я щIалэщ.

МэджэкIэ еджэу Абейхэ яIащ щIалэ бэлыхь, щIалэ хъыжьэ. Къуажэдэсхэми ар апхуэдизкIэ фIыуэ ялъагъурти, «Мэджэ и псэ» жаIэу Тхьэ яIуэу щытауэ жаIэж, апхуэдэу къэувам и псалъэм иужькIэ шэч къытрамыхьэжу.

Хъыбарым зи гугъу ищIхэр къыщыхъуа зэманыр сщIэркъым. ЗэрыжаIэжымкIэ, Мэджэ шу закъуэу фIэкIа къикIуэхьыртэкъым. Арати, зэгуэрым и унэ къыздэкIуэжым ХьэпцIей деж губгъуэм ар щыIущIащ зы шу щIалэ. Зэдэуршэращ ахэр, зэпсэлъащ икIи Мэджэ къыжриIащ Iуэху мыщхьэпэ я къуажэм зэрыщызэрахьэр.

«Сыт къэхъуар?» - Мэджэ щыщIэупщIэм, Къудейхэ я хьэжыжьым деж Къэсей и къуэ зэрыщыхьэщIэр къыжриIащ. Хьэжым шы бэлыхь иIэт, Бахъсэн псы Iуфэм деж илъэс къэс щрагъэкIуэкIыу щыта шыгъажэхэм сыт щыгъуи щытекIуэу. Къудейр и ныбжькIэ лIыжьт. ХьэщIэр къыщIэкIуар хьэжыжьым и шыр гъэпцIагъэкIэ IэщIигъэкIыну арат.

НтIэ, адыгэм сыт щыгъуи ди хабзэкъэ хьэщIэр зэхъуэпсар тыгъэ хуащIу! Къэсейри а бзаджагъэм хуекIуэну арат. Езыхэр зы гупыфI хъурт.

Зэхихам игъэгупсысэу, Мэджэ зимыIэжьэу ХьэпцIей дыхьэри, Къудей хьэжыжьым и пщIантIэм Iухьащ. Дыхьэри, и шыр адрей шыхэр зыфIэдза пхъэлъантхъуэм ирипхащ, езыми хьэщIэщымкIэ иунэтIащ. ФIэхъус ярихри, яжриIащ Къэсей и къуэр хьэщIэу зэрыщыIэр зэхихати, имылъагъуу зэрыблэмыкIыфар. Мэджэ и шыфэлIыфэкIэ, къызыхэкIа лъэпкъкIэ хьэщIэм нэхърэ нэхъ лъахъшэт: мохэр Къэсейхэ ящыщт, пщы лъэпкъ къыхэкIат. А зэманым япэ къэсыр хьэщIэщым щIыхьэу, пщы лъэпкъ къыхэкIахэм фIэхъус ирахыфу, ябгъэдэсу щытакъым, ауэ Мэджэ зэрыхахуэр, Джылахъстэнейм пщIэшхуэ зэрыщиIэр ящIэрти, хуэфащэу къыбгъэдэтхэт.

Мэджэ куэдрэ зимыIэжьэу, сэлам ярихыжри, къыщIэкIыжащ. КъыщыщIэкIыжам, Къудейм и шыр къыщIашакIэу пщIантIэм дэтт. Щыдыхьам щыгъуи ар илъэгъуат. Пхъэлъантхъуэм ирапхауэ ялъэщIырт. Зыри хужыпIэнтэкъым – шы бэлыхьт.

Арати, Мэджэ и шым шэсыжащ, лIыжьым и шым и IумпIэри къиштэри, пщIантIэм къыдэкIыжащ. Иужьым нэхъ хуабжь зищIащ, къыщIэпхъуащ, Болэтей къуажэм дэлъэдащ. Болэтхэрэ абыхэмрэ зэблагъэ дыдэт.

Шы цIахуцIэм и IумпIэри иIыгъыу Мэджэ щыблэжым: «щхьэусыгъуэ иIэщ, зыгуэр къэхъуащ», - жаIэри, болэтейхэри щIалэ гуп зэрыгъэхъури, абы кIэлъыщIэпхъуащ. Ахэр къыкIэлъысыху, Мэджэ Абей къуажэм дэлъадэри, шыр ягъэпщкIуну унафэ яхуищIащ икIи яжриIащ иужь иту шу гуп къызэрыдэлъэдэнур. ЯжриIащ Джулат псы тепхъэм деж абыхэм къазэрыщыпэплъэнур. А щIыпIэм деж фIэкIа псым зэпрыкIыпIэ иIэтэкъым.

Япэу къэса Болэтей шу гупым Мэджэ здэщыIэр щыжраIэм, псынщIэу нэсри, абы и щIыбагъым къыдэуващ. Куэд дэмыкIыуи Къудей хьэжыжьым и хьэщIэщым щIэса шу гупри къакIэлъысащ.

Абдежым Мэджэ абыхэм яжриIащ: «ФыкIуэжынумэ, мис мыбдежращ псы зэпрыкIыпIэри, фи гъуэгу фытеувэжи, гъуэгу махуэ. Фэ фщIэну фызыхэтар, фи мурадар ди хабзэм къезэгъыркъым. Ауэ сэ зызгъэпщкIуакъым, мис, фи пащхьэм ситщ».

Къэсейр езыри уэркъ ехьэжьат, лIы хъыжьэт, зауэлIт. Ари къикIуэт хъунутэкъым. Арати, езы тIур къыIукIри зэпэуващ. Мэджэ ар хигъэщIащ.

«ФыкIуэжи, Iуэхур зытетыр фыфейхэм яжефIэ, хьэдэр зыхуей сэ хуэзгъэзэнщ», - яжриIащ Къэсейм игъуса шу гупым. Хьэдэм хуэфащэ пщIэ иIэу яшэжын щхьэкIэт, апхуэдэу щIажриIар.

Арати, мохэр кIуэжри, Iуэхур зыIутымкIэ зыхуэфащэхэм хъыбар ирагъэщIащ. Замыгъэгувэуи, гуп зэрыгъэхъури, къежьащ - Абейхэ зищIысыр сыт, апхуэдэ щхьэ къытхуагъэфэща, жыхуаIэу.

Мэджэ иукIар Къетыкъуэхэ ящыщт, къэбэрдей пщыхэм мы Iуэхур зэхагъэкIын хуейщ, жаIэу къежьауэ арат.

Мэджэ хьэдэр и деж ишэри, а зэманым хуэфэщэн пщIэ хуищIащ, къурIэни хуригъэджащ. Абы хэту шууей плъахэр пщIантIэм къыдыхьэри, къыздэкIуам, хьэдэм кIэлъызэрахьэ пщIэр щалъагъум, зызэтраубыдэри, зэпсэлъэн хуей хъуащ. Iуэхур къызэрекIуэкIар Мэджэ яжриIащ. КъагуригъэIуащ, Къудей лIыжьым IэщIагъэкIыну къыщIэкIуа шым фIэкIа нэгъуэщI гурыфIыгъуэ хьэжыжьым зэримыIар. ЦIыхум хуэдэу ихъумэрт а шыр.

Зы жэщтэкъым Къэсейр абы зэрыщыхьэщIар, ар IэщIигъэкIын щхьэкIэ. Мэджэ къыхуэкIуахэм яжриIащ ар хабзэм къызэремызэгъыр, къыщыпэщIэувам щыгъуи, зауэбанэ къыхэмыкIыу я гъуэгу теувэжмэ зэрынэхъыфIымкIи ягурыIуэну зэрыхэтар.

КъэкIуахэм Мэджэ яжриIащ, лей гуэр зэрихьауэ къалъытэмэ, я пащхьэм зэритыр: «Мы щIалэр сIэщIэукIащ, ауэ сэ пэжым и гъуэгум сытетщ. ЩIакIуэ кIапэ дызэтеувати, си насыпыр къикIащ».КъэкIуахэр аргуэру зэпсэлъэжащ. ИтIанэ къыжраIащ: «Ди хьэдэм пщIэ къыхуэпщIащ, ди щIалэри къуэншауэ къыдолъытэри, докIуэж». Хьэдэр дашыжри, ежьэжахэщ. А лъэхъэнэм, Iэмал зэриIэкIэ, адыгэр хабзэм ебакъуэу щытакъым.

АдэкIэ Мэджэ и гъащIэр дауэ хъуами къуажэдэсхэм ящIэркъым.Мэджэ адыгэм имызакъуэу, мыщкъышхэми, осетинхэми, шэшэнхэми фIыуэ яцIыхуу, зэрыхахуэр, зэрылеймыгъэгъур ящIэу щытащ. НэгъуэщI хъыбархэри щыIэу къыщIэкIынщ абы теухуауэ».

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Турист гъуэгухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным, республикэм и тхыдэ, щэнхабзэ щIэинхэм, щIыпIэ телъыджэхэм уахуэзышэ автомобиль гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэм мы гъэми пащэ, а IэнатIэр ирагъэфIэкIуэнущ, лъэныкъуэ куэд къызэщIрагъэубыдэу, къитащ иджыблагъэ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

НОБЭКIЭ япэ игъэщыпхъэ унэтIыныгъэхэм хохьэ «Нарзанхэм я ауз» эко-паркымрэ Джылы-Су аузымрэ уахуэзышэ Малкэ - Ингушли автомобиль гъуэгур къэгъэщIэрэщIэжыныр. 2026 гъэм абы зыхуей щыхуагъэзэнущ километр 12-м нэблагъэ зи кIыхьагъ щIыпIэр.

Чыщбалъкъ къуажэми, Сэрмакъ жылэм къыпекIуэкIыу, гъуэгур къыщагъэщIэрэщIэж. Мыбдежым асфальтыжьыр щытратхъунщIыкIауэ щIэрыщIэу тралъхьэжыну щхьэфэр абы хуагъэхьэзыр.

Япэ игъэщыпхъэ Iуэхугъуэхэм хыхьэу, Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу автомобиль гъуэгур зэIузэпэщ щIыным ехьэлIауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр мы гъэм и кIэм нагъэсынущ. Шэджэм щIыналъэм и турист инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ ар. Абы зэпещIэ Шэджэм псыкъелъэхэр, «Флай Шэджэм» бгы паркыр, «Шэджэм Ипщэ» (Эль-Тюбю) архитектурэ-турист комплексыр, Кулиев Къайсын и фэеплъ унэ-музейр, Кум-Тюбе тафэр, нэгъуэщIхэри.

Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу автомобиль гъуэгур 2022 гъэм къагъэщIэрэщIэжын щIадзащ. А илъэсми абы и километр 12-м нэблагъэ зыхуей хуагъэзащ, лъэмыжи 5 зэIузэпэщ щащIащ, километри 10-м нэблагъэм иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ. 2024 гъэм Шэджэм псыкъелъэхэм ухуэзышэ гъуэгум щыщу километритIи къагъэщIэрэщIэжащ. 2025 гъэм къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр зэфIагъэкIащ: гъуэгущхьэм япэ ирикIуэгъуэу асфальт щытралъхьащ, лъэмыжи 9 зыхуей щыхуагъэзащ, къэухьхэр гъуэгубгъухэм щагъэуващ. А щIыпIэм лэжьыгъэхэр дызыхэт илъэсым къанэ щымыIэу щызэфIагъэкIын мурад щыIэщ.

Абыхэм нэмыщI, Налшык, Май къалэхэр зэпызыщIэ, километри 6,1-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур зыхуей хуагъэзащ мы гъэм. Абы ухуеишэ иужьрей илъэсхэм туристхэм фIыуэ ялъэгъуа, кIуапIэ ящIа «Шато-Ерчэн» комплексым. Мыбдежым, асфальтыщIэ щытралъхьащ, гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэм хуэгъэпса IэмэпсымэхэмрэIэмалхэмрэ къыщагъэсэбэпащ. НобэкIэ, Налшык - Май автомобиль гъуэгур щыIэ мардэм хуокIуэ и кIыхьагъкIэ.

ЩIыналъэм и гъуэгу инфраструктурэм зегъэужьыныр лъабжьэфI хуохъу ди республикэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэным, инвестицэ къешэлIэным, КъБР-м и социальнэ-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, КИФЩI-м и турист центр нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр щытыным, щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа»-м и инженер-техникэ къудамэм и компьютер IэнатIэм и оператор **Ахматовэ Шахидат Сейфутдин и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **Ахматов Сейфутдин Алихъан и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Шынагъуэншэу

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и плъыр частым хъыбар къыIэрыхьат Аруан районым щыпсэум шэч уэзыгъэщI, гранатэдзым ещхь къызэригъуэтам теухуауэ. ЦIыхухъум абы псынщIэу щыгъуазэ ищIат хабзэхъумэ органхэр.

ЩЫПIЭМ кIуащ «Вершина» ОМОН-м и инженер-техникэ къудамэм и лэжьакIуэхэр икIи ар зэпаплъыхьри, РПГ-26 Iэщэу къалъытащ.

Къагъуэтар шынагъуэншагъэм къызэригъэувым тету абдежым щакъутащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

ЩIыналъэ зэпэщ

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр Бахъсэн щIыналъэм жыджэру щагъэзащIэ. Псалъэм къыдэкIуэу, 2019 - 2025 гъэхэм районым лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIащ. ЖыпIэнурамэ, а пIалъэм къриубыдэу, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу 19, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэ-бжэIупэу 12 зэIузэпэщ ящIащ икIи абыхэм сом мелуан 84,47-рэ трагъэкIуэдащ.

ЩIЫНАЛЪЭМ щагъэзащIэ пэхуэщIэхэм гъэщIэгъуэну хэлъыр районым и къуажэхэр а программэм зыбжэнэрэ хэтыну Iэмал зэраIэрщ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, зэIузэпэщ ирагъэщI щIыпIэхэр къагъэщIэрэщIэж къудей мыхъуу, атIэ илъэс къэс инфраструктурэр ирагъэфIакIуэ, иджырей мардэм къитIасэ тыншыпIэхэр, нэгузыужьыпIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр цIыхухэм къахузэрагъэпэщ.

Дызэрыт илъэсым и гугъу тщIымэ, мы гъэм зэIузэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Бахъсэн щIыналъэм и Зеикъуэ, Къубэ-Тэбэ, ПсыкIэху къуажэхэм. Абыхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэмрэ пщIантIэхэмрэ зыхуей щыхуагъэзэнущ, иджырей мардэхэм тету.

Абы нэмыщI, иджы ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм фIыуэ хэлъыр зэIузэпэщ ящIыну щIыпIэхэр щIыналъэм щыпсэухэм езыхэм къызэрыхахыжырщ, япэ игъэщыпхъэхэр къызэрагъэлъагъуэрщ.

Иджыпсту къэралым щекIуэкI урысейпсо интернет IэIэтым хэтщ Бахъсэненок къуажэм дэсхэри икIи етIанэгъэ зыхуей хуагъэзэну щIыпIэхэм ящыщу япэ ирагъэщыр къуажэ паркым иджырей псыутх щыухуэнырщ.

Бахъсэн щIыналъэм нобэ къыщагъэщIэрэщIэжа и жыг хадэ цIыкIухэмрэ паркхэмрэ цIыху куэдым, унагъуэхэм я зэхуэзапIэ, зыгъэпсэхупIэ хъуащ. Абы къыдэкIуэу, а щIыпIэхэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр, щэнхабзэ, гуфIэгъуэ зэхуэсхэр щрагъэкIуэкI. Районым щыпсэухэм щIыналъэ администрацэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащI, щIыпIэхэр зэрырагъэфIакIуэм, зэрызрагъэужьым щхьэкIэ.

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм IэмалыфI дыдэхэр къет къалэдэсхэм я псэукIэмрэ къуажэдэсхэм ейхэмрэ хуэмхуэмурэ зэхуэгъэкIуэжа хъунымкIэ. Бахъсэн щIыналъэм щедгъэфIакIуэ жыг хадэ цIыкIухэр, паркхэр, пщIантIэхэр ауэ къызэрыгуэкI метр зэбгъузэнатIэ щIыпIэ гуэрхэу щыткъым. АтIэ, цIыхухэр зыIэпызышэ, зэпэгъунэгъу зэхуэзыщIхэщ.

Мыбдежым щызэхуос нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэри щрагъэкIуэкI, сабийхэми иджырей джэгупIэхэр щаIэщ, я шынагъуэншагъэри къызэгъэпэщащ.

Бахъсэненок къуажэм и псыутхым щхьэкIэ къуажэдэсхэм жыджэру Iэ зэраIэтым къегъэлъагъуэ абыхэм я лъахэ цIыкIур фIыуэ зэралъагъур икIи абы и зыужьыныгъэм я зэфIэкI зэрыхалъхьэр. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр абыхэм я жэрдэмыр ядэтIыгъынырщ икIи, къуажэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ тщIыкIэрэ цIыхухэм я тыншыпIэр къызэдгъэпэщынырщ», - жиIащ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдиб.

НАУРЫЗ Билал.

ГъащIэм и фIыгъуэ, и гурыфIыгъуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Сабийм и гъащIэр, абы и хуитыныгъэхэр хъумэныр лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэ инщ. Дунейм къытехьагъащIэ цIыкIум елIэлIэныр, зыхуей хуэгъэзэныр занщIэу пщэрылъ яхуохъу адэ-анэхэм. Лъагъуныгъэ хуабэр, зэхэщIыкI куур зи лъабжьэ а кIэлъыплъыныгъэр нэхъ тынш, бын пIыныр лъэпощхьэпоуншэ хъунымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ мэхъу къэралыр.

ЗэрыжаIэу, унагъуэмрэ абы щапI сабийхэмрэ ягъуэт социальнэ гулъытэм нэрылъагъу ещI а къэралым игъуэта зыужьыныгъэр зыхуэдэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, дыщыпсэу къэралми республикэми иужьрей зэманым щыхагъахъуэ зэпытщ сабийхэмрэ сабиигъуэр хъумэным, зэчий зыбгъэдэлъхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къыщащтэ программэхэм я бжыгъэм. Абыхэм къызэщIаубыдэ Iуэхухэр куэд мэхъу: сабий садхэм я Iуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфыну Iэмал етыныр, курыт еджапIэхэм етIуанэ, ещанэ сменэхэр щыIухыныр, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапI ныбжьыщIэхэм, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм хэхауэ защIэгъэкъуэныр, нэгъуэщIхэри. Къапщтэмэ, апхуэдэхэщ сабийхэм зэтыгъуэу е мазэ къэс хухах пособиехэр, цIыкIухэр гъэсапIэхэм зэрекIуалIэм щхьэкIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэ уасэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, республикэм ит курыт школхэм я нэхъыбапIэр нэгъабэрей гъэ еджэгъуэм къыщыщIэдзауэ пщэддыжьыкIуэ защIэу зэреджэнур икIи еджэныр махуитхум тещIыхьауэ зэрыщытынур, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм е зи адэхэр СВО-м хэтхэм я бынхэм санаторэхэм пщIэншэу зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэну Iэмал зэраIэр, нэгъуэщIхэри.

Бын щапI унагъуэхэм я псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ игъуэтащ блэкIа илъэсхэм, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ анэхэмрэ хъумэным гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ. 2007 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкум илъэс къэс хохъуэ: сом мин 250-рэ хъууэ щыта дэIэпыкъуныгъэу бын зыгъуэт анэм иратыр, мы гъэм къыщыщIэдзауэ хъуащ сом 728921,9-рэ (щыпэлъхум), сабий етIуанэ ягъуэта нэужь, абы иджыри сом 234321,2-рэ дыщIагъури, сом 963243,2-рэ мэхъу, щыпэлъхум щхьэкIэ мылъкур къамыгъэсэбэпамэ. А ахъшэр трагъэкIуадэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыкIухэм еIэзэным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хузэхуахьэс Iыхьэм. Етхуанэ (е нэхъыбэ) бын зэзыгъэгъуэта (къуэ (пхъу) зыщIа) бзылъхугъэхэм (унагъуэхэм) псэупIэ яухуэн е къащэхун папщIэ мылъкушхуэ къызэрыратми мыхьэнэшхуэ иIэщ дэтхэнэм и дежкIи.

А псори фIы дыдэщ, атIэми уимыгъэпIейтейуэ къанэркъым къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэм - сабийхэм - я нэхъыбэм узыншагъэ быдэ зэрамыIэм. Дохутырхэр хуабжьу ирогузавэ, псом япэрауэ, сабий къалъхуагъащIэхэм я Iыхьэ щанэм фIэкIа узыншэу дунейм къызэрытемыхьэм. Къэралпсо сабий диспансеризацэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, Урысей Федерацэм иджыпсту сабий мелуан 26-м щIигъу щопсэури, абыхэм я процент 70-м я узыншагъэм сэкъат иIэщ. Сабий мелуаным щIигъум я псантхуэм зэхъуэкIыныгъэхэр иIэщ. Апхуэдэуи адэ-анэм я нэIэм щIэмытыж сабийхэм я Iуэхури хэплъэгъуэщ. Ди къэралым абыхэм я бжыгъэр мин 700-м нышызэрохьэс. А псом ищIыIужкIэ, ныбжьыщIэ мини 4-м щIигъу хамэ къэрал унагъуэхэм иратащ, абыхэм щапIыну. КъэхъукъащIэхэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, сабийхэр балигъхэм я нэIэм щIэту къэгъэтэджынымкIэ ар нэхъ хэкIыпIэфIхэм ящыщкъым.

А псори къалъытэ УФ-м и унафэщIхэм икIи къытщIэхъуэ щIэблэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу ягъэув. Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэми гулъытэшхуэ хуещI ди республикэм и пашэ КIуэкIуэ Казбек. Ахэр зэфIэха зэрыхъум набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ КъБР-м и IэтащхьэмСабийм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Амини.

Сабийхэм я узыншагъэр, хуитыныгъэхэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэныр, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ цIыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр дэтхэнэ адэ-анэми къэралми къапэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. А IэнатIэхэр нэхъри ефIэкIуэну, сабийхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэр нэхъыбэж хъуну дыщогугъ. Къэралым сабийм къыхуищI гулъытэмрэ адэанэхэм къарит мылъкумрэ емылъытауэ гурыIуэгъуэщ а лэжьыгъэхэр унагъуэм щызэфIэхын зэрыхуейри.

Я бын цIыкIухэр, гъащIэр яхуэзыгъэдахэ насып щыгъэу Тхьэр къазэрыхуэупса а фIыгъуэр, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ цIыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр къапэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр дэтхэнэ адэ-анэми хьэкъыу пхыкIауэ щытыпхъэщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Гущэкъу уэрэд

Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Уафэм кIэрыщIащ.
Вагъуэ цIыкIухэр щыгъэу
Зэбгрыщэщащ...
Жэщыр пщIыхь дахащэу
Iупхъуэм къызэпхощ,
Уэри мыщIэ цIыкIуу
Гущэм укъыхощ.

Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Сыт ущIемызэгъыр,
Си гуфIэгъуэ щэху?
Щабэщ уи гущапIэр -
Тыншу зыгъэпсэху.
Жей, си дыщэ кIанэ,
Жэщыр зэгъэжащ.
Сэ уи уэрэд цIыкIум
Къытезгъэзэжащ.

Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Жей, зи насып псыпэм
Псышхуэ иращэн,
Гъэ зэрытехьэхэу
ЛъапэкIэ зежэн.
Жей, си фIыгъуэ закъуэу
НэхулъэфI къысхуекIын,
Сэ гуфIэгъуэ нэпсхэр
ЗыхущIэзгъэкIын.

Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!

Гъуджэм, зысщыбгъэпщкIуу,
Хъумэ уиплъэрей,
Сэ пхуэсщIынкъэ тыгъэу
ЩыIэ псом я лейр:
Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр
Къыпхуэслъыхъуэжынщ,
Вагъуэ щыгъэ цIыкIухэр
Къыпхуэсщыпыжынщ.

Жей, си IэфI, си фIыгъуэ,
Жей, си гурыфIыгъуэ,
Си къудамэ цIыкIуу
Къыдэжа!
Жей, си нэху, си дыгъэ,
Жей, си насып щыгъэ,
Си удз гъэгъа цIыкIуу
Къыхэжа!



Щэнхабзэхэр зэгъунэгъу ящI

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Альтаир» студент центрым нэгъуэщI къэрал студентхэм папщIэ щекIуэкIащ «Интерфест-2026» фестивалыр. Зэныбжьэгъугъэм, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм, студент зэкъуэтыныгъэм я махуэшхуэм хэтащ Индием, Мысырым, Тыркуменистаным, Иорданием, Сирием, Пакистаным, Бангладешым, Абхъазым, Азербайджаным, Узбекистаным, Африкэм и къэралхэм къикIа еджакIуэ щэ бжыгъэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм университетым и хьэщIэхэмрэ студентхэмрэ лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщагъэгъуэзащ. Дунейпсо егъэджэныгъэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм (ВШМО) и студентхэм лъэпкъ пщIантIэхэр ягъэуват. Дэтхэнэ къэралми и лIыкIуэхэр хьэщIэхэм къапежьэрт я лъэпкъ фащэ гъэщIэгъуэнхэр ящыгъыу, мэ гуакIуэ къызыхих шхыныгъуэхэр, къуэкIыпIэ IэфIыкIэхэр, нэгъуэщI ерыскъыхэр яIыгъыу. Ахэр тепсэлъыхьырт я лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэм, гъэхьэщIэкIэм, нэгъуэщIхэми. Къызэхуэсахэр а махуэм кърихубыдэу къэралипщIым «щыхьэщIащ», я шхыныгъуэхэм хэIэбащ, жыпIэнуракъэ, щIы хъурейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыIащ.

Махуэшхуэр Урысей Федерацэм и Къэрал гимнымкIэ къызэIуахащ. Студентхэм фIэхъус ярихащ КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Къумыкъу Резуан: «Нобэ слъэгъуар хуабжьу гукъинэж сщыхъуащ. ПщIантIэ къэс фи къэралхэм я тхыдэ нэрылъагъущ, а псори фIыуэ флъагъурти, ди университетым къыздэфхьащ. Илъэс етIуанэ хъуауэ «Интерфест» фестивалым наIуэ къещI: щэнхабзэм гъунапкъэ зэримыIэр. Накъыгъэм и 23-р КъБКъУ-м Хамэ къэрал студентым и махуэу щагъэуващи, хьэкъыу си фIэщ мэхъу мы фестивалыр хабзэфI къудей мыхъуу, студент зэкъуэтыныгъэм, зэкъуэшыныгъэм я джэлэсу зэрыщытыр. ФIыщIэ фхузощI гуфIэгъуэм и зэхэшакIуэу фызэрыщытым, ди еджапIэ нэхъыщхьэр интернациональнэ унэ зэрыфщIым папщIэ».

И гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ фестивалым и хьэщIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Романи: «Нобэрей фестивалыр хамэ къэрал студентхэм я махуэшхуэ къудейкъым, атIэ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хуэкIуэ зэхыхьэ щIагъуэщ. Студентыгъуэ лъэхъэнэм нэхъыщхьэм ухуегъасэ: дызэрыщытым хуэдэу зыр адрейм игу дыдыхьэн, ди зэщхьэщыкIыныгъэхэр дгъэлъэпIэн, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIари ныбжьэгъу дызэхуэхъун хуейщ. Мы илъэсыр зэныбжьэгъугъэ нэсым и къежьапIэ фхуэхъуну сынывохъуэхъу».

Дунейпсо егъэджэныгъэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Журт Iэсият студентхэм ехъуэхъуащ: «Ныбжьэгъухэ, сэ хуабжьу си гуапэщ «Интерфест» фестивалым фыкъызэрызэхуишэсар. Феплъыт, ихъуреягъкIэ плъыфэ гуакIуэ, IэфIагъ, гурыфIыгъуэ, дэрэжэгъуэщ щыплагъур. А псори къэзыгъэщIыр фэращ. Абы дяпэкIи фытет, илъэс къэс ди махуэшхуэр нэхъ нэху ирехъу!».

Университетым и щэнхабзэ, творческэ, спорт, щIэныгъэ гъащIэм къыщыхэжаныкIа студент нэхъ жыджэрхэм КъБКъУ-м и унафэщIхэм къабгъэдэкI тхылъхэр иратащ.

Фестивалым и кIэухым къызэрагъэпэща концертыр щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я купщIэр плъыфэбэу щызэтепщIыкI гуфIэгъуэ зэхыхьэ дахэт, нэжэгужэт икIи гукъинэжт. Тыркумэн уэрэдхэм, «Къафэ» ансамблым и солистхэм я утыку зэщIэгъэплъэкIэм, шыкIэпшынэ макъым, индие рэпым, Иорданием, Абхъазым, Индием я цIыхубэ къафэхэм, щхьэзакъуэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ щIалэгъуалэм, ягури къыдришеящ. Фестивалыр гупсэхуу, гухэхъуэу екIуэкIащ. Ар зэриухам иринэщхъейми, етIанэгъэ иджыри къызэрызэрагъэпэщынум, абы щIэуэ халъхьэнухэм жыджэру тепсэлъыхьу, щыгуфIыкIыу зэбгрыкIыжащ студентхэри хьэщIэхэри.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Урыс Мухьэмэд чемпионщ

«United World Wrestling» зэгухьэныгъэм и нэIэщIэту Арменисм и къалащхьэ Ереван щекIуэкIащ грэпплингымкIэ Европэм и чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ. Абы щызэхуэсащ къэрал 15-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 800-м щIигъу, УФ-м, Белоруссием, Молдовэм, Италием, Германием, Испанием, Тыркум, нэгъуэщIхэм я командэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмени 9-м икIи медаль зэхуэмыдэу 9 абы къыщахьащ: 2-р дыщэу, 2-р дыжьыну, 5-р домбеякъыу.

Абыхэм ящыщу Европэм и чемпионатым килограмми 100 зи хьэлъагъхэм я деж Урыс Мухьэмэд япэ увыпIэр щиубыдащ икIи а зэпеуэм щигъэзэщIащ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерым и мардэр. Ди щIалэм финалым щыхигъэщIащ Грузием и спортсмен Тевзадзе Александр, зэIущIэм и бжыгъэр 7:0-у.

Европэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым щытекIуащ Кумыщ Ибрэхьим (кг 85-рэ). Килограмм 84-рэ зи хьэлъагъхэм я деж Мэкъуауэ Ахъмэт етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Джэрыджэ Темырланрэ (кг 47-рэ) Эседов Рэмэзанрэ (кг 110-рэ) ещанэ хъуахэщ.

Ветеранхэм я зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Джэрыджэ ТIэхьир, Хьэмгъуокъу Муратрэ Соттаев Ахиярэ ещанэ увыпIэхэр яубыдащ.

Гупхэм я зэпеуэхэм УФ-м и командэм (цIыхубзхэми цIыхухъухэми) етIуанэ увыпIэхэр къыщихьащ.

Ди щIалэхэм я тренерхэр Мэржэхъу Мурат, Тхьэкъуахъуэ Мурадин, Дадуев Рэмэзан, Шыхъуэстэн Руслан, Мэш Алим, Бэдракъ Рашид сымэщ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Урысейм и гуп къыхэхам хагъэхьащ

Московскэ областым хыхьэ Одинцовэ къалэм накъыгъэм и 16 - 23 махуэхэм щекIуэкIащ боксымкIэ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьынымкIэ илъэс 13 - 14 хъухэм я зэпеуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм къикIа спортсмен ныбжьыщIэ 519-рэ.

ХЪЫДЖЭБЗ 218-рэ я зэфIэкI щеплъыжа зэпеуэм ехъулIэныгъэ къыщигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменкэ Тхьэгъэлэдж Ирланэ - килограмм 57-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыжьын медалыр къыщихьащ.

Ирланэ хагъэхьащ боксымкIэ Урысей Федерацэм и гупым. ЗэфIэкI зиIэ пщащэр Вэрокъуэ Беслъэн и гъэсэнщ.

НАФIЭДЗ Ислъам.

• Футбол

Хым щыщу зы закъуэ

«Рубин» (Ялтэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Ялтэ. «Авангард» стадион. Накъыгъэм и 30-м. ЦIыху 710-рэ еплъащ.

Судьяхэр Мусиенкэ (Москва), Типикин, Нередькэ (тIури Краснодар щыщщ).

«Рубин»: Туаев, Шульга, Джанелидзе, Тарнов, Федосюк, Смирнов, Колтаков, Хватаев (Панамарев, 67), Наниев (Бирюков, 85), Пурак, Полях (Польшиков, 63)

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, КIэдыкIуей, Балъкъыз, Пириев, Блий, Гъуэгузокъуэ, Селяев (Пекъу, 65), Сарбашев, Лlуп (Лысенкэ, 65), Ибрагимов.

ТопхэрдигъэкIащ: Пурак, 62-пенальтикIэ (1:0). Ибрагимовым, 78 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Ибрагимовым, Гирзишевым, Полях, Къумыкъум.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм зэкIэлъхьэужьу зэIущIиIщ щригъэкIуэкIа иужькIэ «Спартак-Налшыкыр» къыкIэлъыкIуэу тIэунейрэ щыджэгужащ нэгъуэщI щIыпIэхэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, япэщIыкIэ Черкесск къыщыхагъэщIащ, итIанэ Ялтэ очкоитI щыфIэкIуэдащ. Апхуэдэу щыт пэтми, налшыкдэсхэр пхуэгъэкъуаншэнукъым, я къару псори джэгум хамылъхьауэ жыпIэу. Я насып зэкIэ къимыкIауэ аращ.

Щэбэт кIуам Ялтэ щекIуэкIа зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» хьарзынэу къыщIидзат. Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ къэскIэ абы хуэфэщэн жэуап иритыжыфырт. Апхуэдэурэ сыхьэтым щIигъукIэ лъэныкъуэхэр зэныкъуэкъуащ, топыр гъум дэгъэкIын Iуэхур икIэм намыгъэсыфу. Абы иужькIэщ джэгур къыщызэщIэплъэпар.

Уэлбанэ кIыхьым хьэлъэ дыдэ ищIа губгъуэм футболистхэм щыуагъэ куэд ящIыIэщIэкIырт. Апхуэдэхэм ящыщ зым, «Рубин»-м и зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэр къыщызэпаудым, Гъуэгузокъуэ Андемыр футбол хабзэр къызэпиудащ. Ар къыщыхъуар штрафнойм хиубыдэ гъунапкъэхэрати, судьям напIэзыпIэм метр пщыкIузым деж игъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэ етIуанэ хъуауэ зэкIэлъхьэужьу пенальти зи гъуэм къргъауэ Къумыкъу Аслъэнбэч тхьэмахуэ ипэкIэ Черкесск къыщигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэм иджы къытригъэгъэзэжыфакъым. Пурак Данил зэуэ топыр абы дигъэкIащ, лъэIэсыным зымащIэ дыдэ фIэкIа имыIами - 0:1.

Iуэхур игъэзэкIуэжын мурадкIэ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Емкъуж Мурат пIащIэжгъуэкIэ джэгум къыхигъэхьащ Пекъу Ислъамрэ Лысенкэ Сослъэнрэ. А щIалэ псынщIэхэм ягъэлъэщащ хьэщIэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр. «Рубин»-м и футболистхэр абыхэм зэрапэлъэщар дакъикъэ пщыкIутхущ. Ибрагимов Магомед мыгувэу бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

Къэнэжа дакъикъэ пщыкIутхум нэблагъэр екIуэкIащ налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ защIэкIэ. Мызэ-мытIэу ахэр пэгъунэгъу дыдэ хъуат текIуэныгъэр къахуэзыхьыну топыр дагъэкIыну. АрщхьэкIэ къайхъулIакъым. Нэрылъагъут «Спартак-Налшыкым» зэрыхущыщIэр щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу мы зэIущIэм хэмыта гупым и капитан Хьэшыр Аланрэ ХьэцIыкIу Амуррэ.

АпщIондэхукIэ, Хасавюрт икIа «Победа»-р хигъащIэри, зэхьэзэхуэм и пашэныгъэр щигъэбыдащ Донецк и «Шахтёр»-м. Абы очкоиплIкIэ яужь къитщ къригъэблэгъа Мейкъуапэ и «Дружба»-м пэмылъэща «Севастополь»-мрэ Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-р хэзыгъэщIа «Ростов»-мрэ. «Спартак-Налшыкри» пэжыжьащэкъым командэ нэхъыфIищым икIи текIуэныгъэ зытIущым бжьыпэр зыIыгъхэм хагъэхьэфынущ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Заря»** (Луганск) - **«Нефтяник»** (Избербаш) - **3:0**, **«Шахтёр»** (Донецк) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **3:1**, **«Кызылташ»** (Кърым) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **5:1**, **ПСК** (Первореченскэ) - **«Нарт»** (Черкесск) - **0:0**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) – **«Астрахань»** (Астрахань) - **0:3**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:0**, **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **3:1**.

«Спартак-Налшыкым» къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Щэбэт къакIуэ, макъуэуэгъуэм и 6-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм абы къыщригъэблэгъэнущ иужь зэIущIэм Нэзрэн и «Ангушт»-р бжыгъэшхуэкIэ зэрыхигъэщIам игъэгушхуа Кърымым къикIыну «Кызылташ»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Шахтёр»**	**10**	**8**	**1**	**1**	**17-6**	**25**
2.	**«Ростов-2»**	**10**	**7**	**0**	**3**	**22-11**	**21**
3.	**«Севастополь»**	**10**	**6**	**3**	**1**	**17-6**	**21**
4.	«Кызылташ»	10	5	2	3	17-11	17
5.	ПСК	10	5	2	3	17-13	17
6.	**«Спартак-Налшык»**	**10**	**4**	**4**	**2**	**14-6**	**16**
7.	«Нарт»	10	4	3	3	13-6	15
8.	«Рубин»	10	4	3	3	13-10	15
9.	«Дружба»	10	4	3	3	9-9	15
10.	«Победа»	10	4	2	4	17-11	14
11.	«Ангушт»	10	4	1	5	6-11	13
12.	«Астрахань»	10	3	3	4	10-11	12
13.	«Заря»	10	2	3	5	11-17	9
14.	«Нефтяник»	10	3	0	7	8-28	9
15.	**«Динамо-2» Мх**	**10**	**1**	**1**	**8**	**5-19**	**4**
16.	**«Чайка-М»**	**10**	**0**	**1**	**9**	**4-25**	**1**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1111
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмяпэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.